



## “Big Bushi” Mustach

Tout moun lè yo wè Ricky yo toujou di li sanble ak manman l. “Li gen bèl zye, eskzatementan kou pa ou Rosa!” Madan Sanchez di. Madan Sanchez se gad ki ede timoun yo travèse lari a chak maten. “Mèsi” Mannan Ricky reponn e li fè yon ti souri. “Pase yon bòn jounen, mi’jo (Me-ho).” Ricky ale lekòl ak figi li mare. Poukisa moun pa di mwen sanble ak papa m?

Maten sa a , pwofesè li Matmwazèl Cortez retire yon chapo e yon sarape . Li pran yon epe e li pwente nan plafon an. Li ap pale klas la de yon **pyès teyat** lekòl ap fè osijè de Cinco de Mayo. Se yon fèt yo selebre pou viktwa Meksiken sou lame Fransè. Matmwazèl la di Ricky: eske w vle mete yon chemiz blan sou wou? Ricky souke tèt li pou l di non. Li di non tou lè l montre l yon sombrero, yon **chal** mòv, yon chapo kapitèn ak yon ti drapo meksiken. Lè matmwazèl la rale yon gwo moustach, Ricky souke tèt li pou l di wi.



Drapo meksiken



volan kontròl




anblèm



Epe



chemiz blan



chal mòv

Klas la pratike pou yo ka jwe pati pa yo nan pyès teyat la tout rès jounen an. Kèk timoun pratike pou yo jwe wòl solda Meksiken, lòt yo solda Fransè. Ricky jwe ak moustach la tout jounen an. Moustach la satouyèt po bouch li. Lè lekòl lage, matmwazèl la di elèv yo pou yo kite degizman yo andan biwo yo. Ricky retire moustach la, men angiz pou li kite l, li mete l nan pòch li. Li te vle fè papa l yon sipriz lè l soti nan travay.

Petèt Manmi a pran foto l, nou ka kanpe youn kot lòt devan machin nan. Se sa Ricky ta p panse. Apre l soti lekòl la, li retounen mete moustach la sou po bouch li. Sa te fè l santi l kou yon gran moun. Yon mesye nan lari salye “Alo solda. “ Ricky kontinye ap mache, yon madan ki sòt nan mache di: “Ala yon bèl gason”. Li vin ap pase devan yon timoun jadendanfan li di misye ou ka ede m mare lasèt soulye m.

Ricky kouri ale lakay li. Lè li rive, li jwenn manman l t ap kale pòm. “Hola, Manmi!” “Mwen grangou” l ap tann manman l di yon bagay. Manman l gade men manman ricky pa t wè anyen, li fè yon ti souri e lonje yon moso pòm by Ricky. “Manman Gade” ou pa wè bigote (be-GO-the) mwen. Bigote de ki sa a w ap pale? “Sa a.” Li manyen po bouch li. Ricky pa t wè anyen. Li manyen figi l, manton li, li gade atè a. Ricky panse moustach la tonbe sou wout la. Li chèche tout kote, nan lari a, ant machin ki estasyon yo. Li wè yon bagay nwa, li kòmanse kontan, li bese pou li pran l, men li te desi se pa t sa, se te yon bwat kreyon kraze.

Ricky chita ap kriye sou twotwa a. Lè l retounen lakay li di manman l sak sot pase l. Manje sou tab li ta renmen di papa l tou sak sot pase, men mo pa t ka sòti. Yo te kole nan gòj li. Apre li fin manje, Ricky eseye fè yon nouvo moustach. Li gade nan glas la. Li pa sanble ak yon moustach toutbon. Andedan pandri a, Ricky jwenn yon bwat plakbòl nwa, li fè yon liy sou bouch li, lè l gade nan glas la ankò, liy la te twò plat, li pa t bonbe e toufi.

Finalman, li pran lasèt yon vye soulye, li koupe li an plizyè ti moso e kole yo ak lakòl. Li mete yo sou bouch li. Kounye a li sanble ak yon mòp e gen sant yon vye soulye. Nan aswè Ricky mete pijama l e l ale nan salon an kote papa l ta p tande radyo. “Papa, mwen pedi moustach mwen...

my bigote.” Papa I tonbe ri. “Ki moustach?” Ricky rakonte papa I tout bagay. Papa I rakonte I tou yon istwa osijè de yon poul ki te vle vini yon zwa. Se te yon bèl istwa, men li pa rezoud pwoblèm lan.

Nan demen maten, manman Ricky di: “Buenos dias Mi’jo, mwen gen yon sipriz pou wou.” Li bay misye yon gwo moustach toufi. Se te moustach papa I la. Li di papa I: “Gracias, Papi! Mèsi.” Men papa I pa t sanble menn moun la ankò. Papa I di I: “Ou merite sa. Men, pwochèn fwa se pou w koute matmwazèl ou.” Ricky kounye a vin sanble ak papa I.

## **Aktivite**

### **Mwen konprann tèsk la.**

1. Poukisa Ricky kouri ale lakay li?
2. Poukisa manman Ricky pa di anyen lè l rive lakay li?
3. Poukisa li te difisil pou Ricky pou li di papa l osijè de moustach la?
4. Poukisa papa Ricky tonbe ri lè l anonse l li pèdi moustach li?
5. Kijan Ricky te santi l lè papa l te rakonte istwa a?
6. Kijan Ricky fè vin genyen yon lòt moustach?
7. Poukisa papa Ricky di pou li koute madmwazèl la?
8. Poukisa Ricky kontan li genyen yon lòt moustach?

### **Ann nou reflechi sou tèks la.**

1. Kijan ou panse Ricky te santi l lè li reyalize li te pèdi moustach la?
2. Kijan ou ta santi w , si ou menn ou te pèdi yon bagay ki pa pou wou?
3. Kijan Ricky esaye rezoud pwoblèm moustach?
4. Kisa ki ta pase si papa l pat ba l moustach pa li a? Èske istwa te ka diferan?
5. Fè konparezon ant katye Ricky ap viv ladan la ak tigason ka viv nan Chinatown nan?

### **Skill focus: Kompreyansyon**

Ede elèv yo devlope yon estrateji etap pa etap pou yo rezoud yon pwoblèm. Ou ka enkli etap sa yo:

- Idantifye pwoblèm la
- Brase lide solisyon ki posib
- Egzamine solisyon yo
- Deside ki solisyon ki pi bon
- Pote yon solisyon

**Brase lide** ak elèv yo, idantifye yon lòt pwoblèm nan isywa a: Ricky te vle plis sanble ak papa li. Fè elèv yo travay ak yon patnè pou konplete pwoblèm/solisyon grafik (graphic organizer). Ankouraje elèv yo pou yo panse kisa yo ta fè si yo te nan sitiyaasyon Ricky.

### **Skill Focus: Ekriti**

Ricky bezwen di madmwazèl li sak te pase osijè de moustach la. Anvan ou kòmanse ekri, panse sa chak moun ta di. Answit ekri yon dyalog ant ricky ak madmwazèl la.